

EVALYASYON PÈFÒMANS SIRETANDAN YO

(Adapte pou Siretandan Lekòl Piblik Boston yo)

Dokiman Referans yo:

[Oto-Evalyasyon pou Ane Lekòl 2022-2023 a Siretandan Skipper](#)
[Nòt sou Oto-Evalyasyon pou Ane Lekòl 2022-2023 Siretandan Skipper](#)
[Domèn Konsantrasyon Siretandan Skipper pou Ane Lekòl 2022-23](#)
[Ribrik Modèl DESE](#)

Non:	Siretandan Mary Skipper
Dat Li Fini:	15 Out 2023
Moun ki konplete l:	Quoc Tran, Manm Komite Lekòl Boston
Tip Plan Edikasyon	Evalyasyon Siretandan, Ane Lekòl 2022-2023

DEFINISYON WOTASYON YO

TRÈ EFIKAS (Egzanplè)	Pèfòmans lan te depase lajman atant yo akòz de kalite ki eksepsyonèlman elve travay ki fèt nan tout domèn responsabilite esansyèl, sa ki tradwi pa yon kalite global travay siperyè; epi swa 1) gen ladan l achèyman yon objektif oubyen yon pwòje majè, oubyen 2) pote yon kontribisyon eksepsyonèl oubyen inik an sipò ak objektif inite, depatman oubyen distri yo. Nòt sa kapab atenn pa nenpòt ki anplwaye byenke yo bay li raman.
EFIKAS (Mètriz)	Pèfòmans lan te depase regilyèman atant yo nan tout domèn esansyèl responsabilite yo, epi kalite travay la an jeneral te ekselan. Objektif anyèl yo te satisfè.
AP ELABORE (Mètriz)	Pèfòmans lan te satisfè regilyèman ak atant yo nan tout domèn responsabilite esansyèl yo, ki depase pafwa atant yo, epi kalite travay la an jeneral te vrèman bon. Objektif anyèl ki te pi kritik yo te rive satisfè.
EFIKAS YON JAN MINIM (Bezwen Amelyorasyon)	Pèfòmans lan pa reponn regilyèman ak atant yo – pèfòmans lan pa t reyisi reponn ak atant yo nan youn oubyen plis domèn responsabilite esansyèl, epi/oubyen youn oubyen plis nan objektif ki pi esansyèl yo pa t rive reponn. Yon plan devlopman pwofesyonèl pou amelyore pèfòmans lan dwe atache, ki gen ladan l dèle yo, epi jwenn siveyans pou mezire pwogrè yo.
INEFIKAS (Pa satisfèzan)	Pèfòmans lan te regilyèman anba atant yo nan majorite domèn responsabilite esansyèl yo, epi/oubyen pwogrè rezonab pou atenn objektif esansyèl yo pa t rive fèt. Amelyorasyon enpòtan nesèsè nan youn oubyen plis domèn. Yon plan pou korije pèfòmans, ki gen ladan l dèle yo, dwe defini epi jwenn siveyans pou mezire pwogrè yo.

ESTANDA I: Direksyon Pedagojik

Direktè Pedagojik la favorize aprantisaj ak kwasans tout elèv yo ak siksè tout pèsonèl la nan kiltive yon vizyon pataje ki plase ansèyman ak aprantisaj pwisan nan sant eskolarite.

Domèn Konsantrasyon Espesifik:

- 1-A Kourikoulòm
- 1-D Evalyasyon
- 1-E Priz Desizyon Baze sou Done yo
- 1-F Aprantisaj Elèv yo 1-A Kourikoulòm
- 1-B Enstriksyon
- 1-C Evalyasyon
- 1-D Evalyasyon
- 1-E Priz Desizyon Baze sou Done yo
- 1-F Aprantisaj Elèv

Aliyman Objektif Sirentandan:

- Priyorize ak akselere pèfòmans akademik yo
- Ranfòse Aksè ak Aprantisaj Sosyo Emosyonèl
- Ogmante responsabilizasyon Biwo Santral la ak Lekòl yo

NOTASYON:

XXX	TRÈ EFIKAS
	EFIKAS
	AP ELABORE
	EFIKAS YON JAN MINIM
	INEFIKAS

KÒMANTÈ:

Nan mwens pase yon ane ap sèvi nan tèt Sistèm Lekòl Piblik Boston lan, Sirentandan Skipper te reyisi atenn plizyè siksè kle nan domèn ki dekri nan nòm sa.

Plase bon pèsonèl la nan divès pòs direksyon, divès modèl pedagojik ak literasi ekitab ki te vin fasilman aksesib pou chak elèv. Anplis, gras ak miz an èv Plan Estratejik OMME lan, kantite aprenan anglè k ap resevwa enstriksyon nan anglè apwopriye te ogmante sansibleman.

Konsa tou, nan previzyon dat limit ki lye ak soumisyon Plan Amelyorasyon Sistemik lan pou DESE, ekip planifikasyon enklizyon yo te jwenn fòmasyon nan plizyè lekòl pou fè divès amelyorasyon nan pratik enklizif lekòl yo a avèk yon aksan sou fason pou pi byen sèvi elèv edikasyon espesyal yo.

Nan sa ki konsène efò rekritman yo ak retansyon yo, nouvo pwofesè ki gen lisans ESL (Anglè Dezyèm Lang) ak/oubyen nan edikasyon espesyal te rive rekrute pou adapte ak ogmantasyon kantite elèv nan klasifikasyon sa yo. Efò pou rekrute ak kenbe pwofesè miltileng/miltikiltirèl yo ak edikasyon espesyal yo ankou.

ESTANDA II: Jesyon ak Fonksyònman

Favorize aprantisaj ak kwasans pou tout elèv yo ansanm ak siksè pou tout pèsonèl la nan asire yon anviwònman aprantisaj san danje, efisyan ak efikas, nan itilize divès resous pou mete an èv yon pwogram, dotasyon an pèsonèl, ak yon kalandriye apwopriye.

- 2-A Anviwònman
- 2-B Jesyon/Devlopman Resous Imèn
- 2-C Sistèm Enfòmasyon sou Planifikasyon ak Jesyon
- 2-D Lwa Etik ak Politik
- 2-E Sistèm Fiskal yo

Aliyman Objektif Sirentandan:

- Amelyore Kominikasyon Entèn ak Ekstèn avèk Fanmi yo ak Pèsonèl yo
- Rasyonalizasyon Operasyon yo epi Garanti Sekirize Elèv yo

xx	TRÈ EFIKAS
	EFIKAS
	AP ELABORE
	EFIKAS YON JAN MINIM
	INEFIKAS

KÒMANTÈ:

Avèk plizyè ane eksperyans nan jere sistèm lekòl piblik la, Sirentandan montre yon pèsepsyon ak yon savwa-fè egi lè li mete moun kle yo nan wol apwopriye pou mete an plas ak fè avanse plan li yo pou reyisit. Li satisfèzan pou rekonèt ke pèsonèl senyò Sirentandan aksesib fasilman epi prè pou ede nenpòt manm Komite Lekòl la lè yo mande yo.

Nan sa ki konsène Plan Amelyorasyon Sistemik la, lè yo mete aksan sou rezilta tanjib elèv yo, se yon mezi krisyal avèk divès mezi yo atann klèman. Yon plan senk ane ki akse sou sekirite Lekòl ak Elèv yo, Transpò, Enstalasyon yo, ak Kapital Imen te rive desinen, mete an èv, ak siveye etwatman.

Sirentandan mete anplas tou yon nouvo òganigram kote li te asiye divès Sirentandan adjwen pou sipèvize epi fè pou li regilyèman divès rapò sitiyasyon sou Akademik yo, Operasyon yo, Ekite ak

Avansman Fanmi ak Kominote a. Yon modèl rejyonal te rive mete anplas pou revize done baze nan lekòl yo epi founi yon sipò pou chèf lekòl yo, ki te lakoz yon satisfaksyon 70% chèf lekòl yo avèk reyaktivite biwo distri a. Nou dwe note tou ke negosyasyon reyisi Sirentandan ak akò ki konkli sou tout 18 kontra travay ki egziste yo avèk divès inyon k ap ede BPS kenbe yon gwoup entèvansyon konpetan.

Nan sa ki konsène enstalasyon yo, yo te toujou konsantre pou kreye divès anviwònman ki pa sèlman favorab pou aprantisaj elèv yo men pou sekirite tou. Alaswit egzamen ak rekòmandasyon ki fèt pa Council of Great City Schools (CGCS), yon Biwo Jesyon Ijans te kreye pou mete an plas divès rekòmandasyon CGCS. BPS pou kounye a gen yon efektif Espesyalis Sekirite. Anplis, Kowòdonatè Koneksyon Kominote yo te rekrute tou pou travay avèk chèf lekòl yo ak kominote yo pou founi yon konsantrasyon pwoaktif sou aksè ak resous yo e ak sipò adapte ak bezwen endividyèl elèv yo. Anplis, yon Espesyalis Kominikasyon Entèn te rekrute pou asire divès pwotokòl kominikasyon apwopriye avèk fanmi yo nan ka ensidan ki lye ak sekirite lekòl la. Nan sa ki konsène Transpò, distri a konplètman gen pèsònèl pou chofè bis yo pou premye fwa avan pandemi COVID-19 la. Yon nouvo kontra avèk Transdev ki prevwa divès ensitasyon finansyè pou amelyorasyon divès pèfòmans ak divès domaj enterè nan ka pa gen pèfòmans, aliye sou divès objektif transpò ki akse sou elèv BPS yo, te rive atenn. An jeneral, pèfòmans Sirentandan selon Estanda “Jesyon ak Operasyon” se wotman efikas.

ESTANDA III: Angajman Fanmi ak Kominote

Favorize aprantisaj ak kwasans tout elèv yo ak siksè tout pèsònèl la atravè divès patenarya efikas avèk fanmi yo, òganizasyon kominote yo, ak lòt entèvenan ki ap soutni misyon lekòl la ak distri a.

- 3-A Angajman
- 3-B Pataj Responsabilite
- 3-C Kominikasyon
- 3-D Preyokipasyon Fanmi yo

Aliyman Objektif Sirentandan:

- Devlope divès Pratik Otantik Angajman Fanmi ak Kominotè
- Amelyore Kominikasyon Entèn ak Ekstèn avèk Fanmi yo ak Pèsònèl yo

	TRÈ EFIKAS
xx	EFIKAS
	AP ELABORE
	EFIKAS YON JAN MINIM
	INEFIKAS

KÒMANTÈ:

Divès pwoblèm rekiran nan domèn Angajman Familyal ak Kominote toumante Lekòl Piblik Boston yo depi nan tan ki pa memoryal yo. Malgre diferan modèl kominikasyon ak amelyorasyon ki asosye ki enstitiye avèk tan, transparans ak ekite rete divès kri yo souvan tande bò kote pati prenan yo, divès militan kominotè, divès paran ak divès elèv. An konsekans, konfyans paran yo nan sistèm lekòl la ansanm ak Administrasyon li a te detwi yon jan ki pa favorab. Anplis, nou dwe note ke, nan dènye deseni an, sityasyon enkyetant sa esplike an pati pa woulman souvan direksyon Distri a, peniri pèsònèl kalifye ak long pètibasyon ki koze pa pandemi COVID la.

Rekonèt enpòtans pou atake ak divès pwoblèm ki lye ak transparans, Sirentandan ranfòse sipò pou Konsèy Sit Lekòl yo, rekrute divès liyezon kominote adisyonèl, epi founi yon fòmasyon pou pèsònèl lekòl la ak fanmi yo. Divès nouvo pwotokòl kominikasyon ak pwosedi pataj enfòmasyon amelyore te rive mete an èv. YON LIY ÈD BPS te rive enstale antan ke sant sèvis kliyan pou ede fanmi yo/responsab k ap chache enfòmasyon sou distri a. Depi nan lansman li a, liy asistans miltileng sa te reponn ak divès dizèn milye demann piblik la ki lye ak lekòl la. Anplis, Sirentandan ap fòse travay an kolaborasyon avèk yon patnè kominote ki pral idantifye touswit pou devlope ak mete an pratik yon pwogram Mantora Paran ki pral konsantre sou ranfòsman konfyans ak konpetans paran yo pou patisipe aktivman nan edikasyon pitit pa yo.

Sirentandan te rankontre plizyè fwa avèk Konsèy Konsiltatif Angajman Kominote a, Gwoup Lidèchip Paran St Stephen, Konsèy Paran nan Echèl Vil la, SPEDPAC ak DELAC. Nan sa ki konsène patenarya Kominote/Pati prenan lan, Sirentandan ap travay avèk Chanm Komès Greater Boston pou angaje nan patisipasyon kominote antrepriz ak endistriyèl pou sipò finansye ak aprantisaj baze sou travay elèv yo.

Nan sa ki konsène preyoqipasyon ankou epi ki ap plede repete konsènan ekite a, sa soti nan evalyasyon ke tout pwojè yo, rekòmandasyon politik yo, ak inisyativ ki lye ak lekòl yo ki soti nan Nouvèl Akò Ekolojik Majistra ke sirentandan te pwopoze ak avanse, pote avèk yo yon Analiz Ekite byen dokimante ak soutni pa divès fè. Menm si mwen rekonèt ke limit ak etandi paramèt Ekite yo pèsevwa yon jan diferan pa diferan moun, mwen kwè avèk fèmte ke analiz ekite k ap soutni plizyè pwojè ak inisyativ a gran echèl ke Sirentandan ak pèsònèl la avanse ta ka fè objè kontestasyon jiridik si yon ensidans konsa ta rive pwodwi. Malgre pwòp konviksyon mwen, ekite a rete youn nan prensipal rezon preyoqipasyon manm piblik yo an opozisyon ak yon kantite pwojè Sirentandan te pwopoze.

Tout efò li yo ki ankou nan kad Nòm “Angajman Fanmi ak Kominote” sa ta dwe jistifye yon nòt Trè Efikas, andeyò pwotestasyon piblik la ki fèt souvan ak divès demann transparans ak/oubyen ekite ki eksprime nan moman Odyans Piblik Komite Lekòl yo. Mwen adere ak nòt Efikas pou Sirentandan selon Estanda sa avèk espwa mwen pral tande mwens demann pou Transparans ak Ekite ki soti bò kote piblik la alavni.

ESTANDA IV: Kilti Pwofesyonèl

Favorize siksè pou tout elèv yo nan nourri ak kenbe yon kilti lekòl pratik reflektiv, atant elve, ak aprantisaj kontini pou pèsonèl la.

- 4-A Angajman anvè divès Nòm Elve
- 4-B Konpetans Kiltirèl
- 4-C Kominikasyon
- 4-D Aprantisaj Kontini

Aliyman Objektif Sirentandan:

- Ogmante responsabilizasyon Biwo Santral la ak Lekòl yo

xx	TRÈ EFIKAS
	EFIKAS
	AP ELABORE
	EFIKAS YON JAN MINIM
	INEFIKAS

KÒMANTÈ:

Sirentandan ap kondwi tèt li an egzanp nan tout odyans piblik Komite Lekòl yo, seyans Egzekitif yo, fòmasyon ki lye ak lekòl la, ak divès retrèt yo. Mwen te vrèman apresye resevwa ak li nòt sirentandan li te voye pou nou plizyè jou avan chak odyans. Sirentandan toujou vin nan reyinyon sa yo byen prepare ak ame avèk espikasyon konvenkan ak demann manm Komite yo. Lè sa nesèsè, li delege ak kad siperyè nan kad siperyè repons ekspè yo.

Nan sa ki konsène kominikasyon yo, Sirentandan te kreye plizyè ekip entèfonksyonèl entèn pou asire ke tout pèsonèl kle yo ak depatman yo fè pati planifikasyon ak egzekisyon travay la. Sa minimize divès obstak pou travay an kolaborasyon. An repons ak ensidan esansyèl yo, divès kaskad kominikasyon ki mete an èv pou alafwa lekòl yo ak distri yo ak pou anons a gran echèl yo ki fè enpak sou Kominote BPS ki pi laj la. Sirentandan etabli divès pwotokòl pou asire ke chak moun ap resevwa menm mesaj la, nan lang matènèl prefere yo, nan distri a men pa apati de yon lòt sous.

Avèk zouti kominikasyon entèn yo, Sirentandan te mete an èv, li pèseptib pou tout pèsonèl la santi yo valorize ak fè pati yon ekip. Nan yon efò pou amelyore ekspètiz li ak pèsonèl la, Sirentandan ak pèsonèl direksyon debaz li a te patisipe nan Pwojè Lidèchip Edikasyon Piblik Havard (Harvard's Public Education Leadership Project, PELP) ak plizyè reyinyon ak fòmasyon ke Lekòl Council Great City (CGSC) te òganize. Anplis, Sirentandan te founi bay tout pèsonèl la yon òganigram ki gen yon estrikti klè sou wol ak responsabilite avèk yon ansanm priyorite ki konplete sa pèsonèl la t ap travay sou li a. Sirentandan òganize tou divès reyinyon chak jou avèk Adjwen li yo ak Chèf

pèsonèl la, reyinyon chak semèn avèk Chèf Divizyon, ak chak mwa avèk Ekip Egzekitif la. Tout kontwol ak evalyasyon rapwoche sa yo garanti non sèlman respè dèlè yo, men kontribiye tou pou etabli divès relasyon solid avèk ak pami pèsonèl la.

Nan sa ki konsène direksyon sit lekòl yo, Sirentandan te reyòganize kontra prensipal aktyèl nan objektif pou atire ak kenbe direktè lekòl solid yo. Kontra amelyore prevwa divès ogmantasyon salè debaz yo, founiti divès opòtinite edikatif ak pwofesyonèl adisyonèl, ak divès bonis retansyon ajoute. An konsekans, kantite demisyon responsab sit lekòl yo te diminye sansibleman ane sa. Paralèlman nan nouvo kontra a, direktè Lekòl yo la pou egzekite Plan Lekòl Kalite yo avèk priyorite nan Konsantrasyon, Kilti ak Klima Pedagojik ak patisipasyon.

Sirentandan te demontre yon kapasite pou enstale yon kilti ak yon klima pwofesyonèl pou pèsonèl BPS la kote avantaj edikatif yo pral repèkite sètènman sou elèv yo. Yo remake isit la yon evalyasyon ki wotman efikas.

EVALYASYON JENERAL (Konsidere pwogrè vè objektif ak kategori pèfòmans yo)

xx	TRÈ EFIKAS (Egzanplè)
	EFIKAS (Konpetan)
	AP DEVLOPE (Konpetan)
	EFIKAS YON JAN MINIM (Bezwen Amelyorasyon)
	INEFIKAS (Pa satisfèzan)

EVALYASYON EDIKASYON INIKMAN: EVALYASYON SELON ESTANDA YO (Plase yon 'X' nan bwat evalyasyon apwopriye a pou chak estanda)

E	P	NI	U	
x				Estanda I: Direksyon Pedagojik
XX				Estanda II: Jesyon ak Fonksyònman
	X			ESTANDA III: Angajman Fanmi ak Kominote
XX				Estanda IV: Kilti Pwofesyonèl

Plan Devlopman Anplwaye (EDP)

Idantifye ak dekri 2-3 domèn pwen fò ak 2-3 domèn pou kwasans kontini baze sou divès kategori anwo, menm jan ak kòman pou yo te rive nan domèn sa yo.

Domèn pwen fò	Domèn pou kwasans kontini
Konpetans Jesyon	angajman kominotè
Sansib kiltirèlman	
preparasyon apwofondi	